

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab baris dipedar kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina pedaran hasil panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Ieu judul skripsi téh nyaéta “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Jampé Ngimpi* Karya Mamat Sasmita.” Hal anu baris dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung ajén moral nu aya dina carita. Dina prakna ieu panalungtikan, tiori anu dipaké ku panalungtika pikeun ngaguar struktur carita nyaéta tiori Robert Stanton anu nétélakeun unsur dina karya sastra nyaéta téma, fakta carita, (galur, tokoh, jeung latar). Sedengkeun ajén moral anu di analisis dina ieu panalungtikan ngagunakeun tiori Warnaen spk. anu ngawengku moral ka Pangéran, moral ka dirina, moral ka papada jalma, moral ka alam. Moral ka waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah.

Struktur carita tina salapan carpon. ku kituna kapaluruh tina salapan carpon téh miboga téma anu béda tapi dina sababaraha carita miboga téma anu sarua dina caritana. 1) “Isukan Tanggal Hiji April”, téma dina ieu carpon téh nyaéta jalma anu béra pisan ka nagara sabab geus dipercaya jadi pagawé negri, 2) “Jampé Ngimpi” téma dina ieu carpon nyaéta jalma anu hariwang kana kaayaan lemburna, 3) “Kamar Nini”, téma dina ieu carita nyaéta budak anu nineung leungiteun jalma anu deket jeung manéhna, 4) “Ma Inung Ngarawu Taneuh”, téma ieu carpon téh nyaéta jalma anu nineung kana kaayan lembur jeung salakina, 5) “Séké Béntang”, téma dina ieu carpon nyaéta nyaritakeun jalma anu hayang dihargaan lantaran batur teu mulang tarima, 6) “Aki Oléh” téma dina ieu carpon nyaritakeun ngeunaan budayana anu geus kapopohokeun, 7) “Nini Jumsih Tutunggulan”, téma dina ieu carpon téh nyaéta jalma anu ngajaga tittinggal jeung ngamumulé tradisi, 8) “Bedog Ceurik Rahwana”, téma dina ieu carpon nyaritakeun jalma anu kaduhung lantaran teu bisa mulang tarima kanu dipikanyaah, jeung 9) “Ceuli Léntaheun” téma dina ieu carpon nyaéta jalma anu gedé rasa kapanasaran.

Galur anu kapaluruh tina dapalan carita nyaéta galur maju jeung campuran. Aya dua carita anu miboga galur maju nyaéta carpon “Isukan Tanggal Hiji April”

jeung “Ma Inung Ngarawu Taneuh.” Anu miboga galur maju aya genep carpon, ilaharna dina unggal carpon dimimitian nyaritakeun kaanyan palaku utama dina carita atawa mangsa anu keur disorang ku palaku urama, di tengah carita loba galur mundur anu nyaritakun mangsa jeung kajadian-kajadian anu kungsi karandapan ku palaku utama dina carita.

Palaku dina kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* anu kapaluruh dina analisis tina unggal carpon ilaharna tina sababaraha carpon miboga palaku anu sarua, sanajan disababaraha carpon ogé aya palaku anu béda-béda.

Latar anu kapaluruh dina carpon kumpulan carpon *Jampé Ngimpi*, dumasar analisis kawilang lengkep aya latar waktu, latar tempat jeung latar sosial. Latar dina unggal carpon tangtuna béda-béda.

Satuluyna dina struktur caritana kapaluruh sarana caritana nyaéta judul carita. Dumasar kana analisis, bisa kapaluhur judul dina unggal carita mangrupa gagasan inti anu dicaritakeun di carita. Jadi, dumasar hal éta judul dina unggal carita téh nyoko kana eusi carita. Nanging aya tilu carita anu ngagunakeun ngarah tokoh kayaning, “Ma Inung Ngarawu Taneuh”, “Aki Oléh”, jeung “Nini Jumsih Tutunggulan.”

Pamungkas aya puseur implengan, dumasar hasil analisis dina kumpulan carpon *Jampé Ngimpi*. Puseur implengan tina dalapan carpon anu dianalisis aya dua nyaéta puser implengan jalma kahiji (kuring) jeung jalma katilu (manéna, disebut ngarana).

Ajén moral anu nyampak dina buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita ditalungtik kucara nitétan sikep, paripolah, paguneman unggal tokoh nu aya dina unggal carpon. Tina salapan carpon anu dianalisis nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka Pangéran (MPP), aya tujuh carpon anu nyangkaruk indikatorna moral manusa ka dirina (MMD), tina salapan carpon, aya dalapan carpon anu dianalisis nyangkaruk ajén moral ka papada jalma (MMPJ), tina salapan carpon, aya dalapan carpon anu dianalisis nyangkaruk moral nu indikatorna moral manusa ka alam (MMA), tina salapan carpon anu dianalisis henteu nyangkaruk moral manusa ka waktu (MMW), jeung tina salapan carpon, aya dalapan carpon anu dianalisis nyangkaruk ajén moral anu indikatorna moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB). Intina tina salapan

carpon anu dianalisis dina buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita lolobana kapaluruh ajén moral anu indikatorna moral manusa ka Pangeran, moral manusa ka alam (MMA) jeung moral manusa ka papada jalma (MMPJ).

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho ngeunaan struktur jeung ajén moral anu nyangkaruk dina carpon. Dina hiji panalungtikan tangtuna teu lepas tina kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sanajan kitu panalungtik tetep miharep yén kaaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa mangpaat jeung kahadéan pikeun larapna ajén moral dina kahirupan sasapopoé sapertina dina moral ka Pangéran, papada manusa, jeung ka alam. Utamana, pikeun nambahana pangaweruh jeung kamekaran dina analisis ranah kasusastraan.

5.3 Rékoméndasi

Sawatara hal anu nu jadi rékoméndasi ditujukeun pikeun pamaca, masarakat, jeung panalungtikan satuluyna. Pikeun pamaca jeung masarakat dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa mangpaat jeung ngeyeuban pangaweruh ngeunaan pamahaman karya sastra sarta ajén moral anu saterusna aya di lingkungan masarakat pikeun jadi eunteung dina kahirupan sapopoé. Pikeun panalungtikan satuluyna, dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar, hususna dina lingkup karya sastra.